

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Maca mangrupa salah sahiji kaparigelan basa. Maca nya éta hiji prosés anu dilakukeun tur digunakeun ku nu maca pikeun meunangkeun pesen anu rék ditepikeun ku panulis ngaliwatan lisan atawa tulisan.

Salah sahiji kagiatan maca téh nya éta maca dongéng. Kagiatan maca dongéng mangrupa salah sahiji bahan pangajaran anu kudu ditepikeun ka siswa. Salian ti ayana bahan pangajaran nu kudu ditepikeun ka siswa, prosés diajar-ngajar téh salawasna mikabutuh ayana modél pangajaran nu éféktif tur saluyu jeung bahan pangajaran anu bakal ditepikeun ka siswa. Hal ieu dilakukeun sangkan bahan pangajaran téh bisa ditepikeun ka para siswa kalawan hadé.

Modél pangajaran téh mangrupa pedoman pikeun guru dina ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar. Ku ayana modél pangajaran téh dipiharep bisa ngarojong prosés diajar-ngajar sangkan leuwih variatif tur éféktif.

Joyce & Weil (1980 : 1) nétélakeun pamadeganana yén:

“Model of teaching is plan or pattern that can be used to shape a curriculum (long-term courses of studies), to design instructional materials, and to guide instruction in the classroom and other setting”.

Pedaran di luhur ngébréhkeun yén modél pangajaran mangrupa salah sahiji rarancang anu digunakeun dina nyusun kurikulum, ngatur materi pangajaran, sarta méré pituduh ka nu ngajar di kelas dina *setting* pangajaran atawa *setting* lianna. Ku

kituna, modél pangajaran téh jadi salah sahiji komponén anu penting dina ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar (Rahman, 2007:7). Lamun urang ngajar di kelas teu ngagunakeun modél pangajaran anu teu saluyu jeung bahan pangajaran di kelas, tangtu maksud jeung tujuan pangajaran téh moal bisa kahontal kalawan nyugemakeun. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Kemp (1977) dina Rahman (2007:7) anu nétélakeun yén modél pangajaran mangrupa salah sahiji rarancang pangajaran (*desain instruksional*) anu digunakeun dina nangtukeun maksud jeung tujuan unggal topik/poko bahasan (*goals topics, and purpose*), nyusun tujuan instruksional husus (*learning objectives*), milih eusi pangajaran, (*subject content*), ngalaksanakeun pratés (*preassesment*), ngalaksanakeun kagiatan diajar-ngajar/sumber pangajaran (*teaching learning activities/resources*), ngayakeun dukungan pelayanan (*support services*), ngalaksanakeun évaluasi (*evaluation*) jeung nyieun révisi (*revise*).

Modél pangajaran kooperatif cocog pikeun kaparigelan maca dongéng lantaran dina pangajaran maca dongéng siswa leuwih resep ngaregepkeun tibatan maca dongéng éta sorangan. Masalah séjénna nya éta kurangna kamampuh guru dina ngolah mata pelajaran basa Sunda di kelas. Modél pangajaran kooperatif ngarojong siswa sangkan leuwih hadé dina nyangkem bahan pangajaran. Salian ti éta, modél pangajaran kooperatif ogé meredih siswa sangkan gawé babarengan, silih béjaan pamanggih tur sawangana séwang-séwangan. Modél pangajaran kooperatif anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran kooperatif tipe *jigsaw* anu saterusna disingkat (KTJ).

Modél pangajaran KTJ mimiti dimekarkeun ku Aronson et al, spk. Modél Pangajaran kooperatif tipe *jigsaw* mangrupa modél pangajaran kelompok. KTJ meredih siswa sangkan miboga tanggung jawab kana pancénna séwang-séwangan. Salian ti éta, KTJ ogé meredih sangkan guru jadi pasilitator dina kagiatan diajar-ngajar. Roger jeung David Johnson (Lie, 2002:31) nétélakeun pamadeganana ngeunaan modél pangajaran tipe *jigsaw* anu unina saperti kieu:

“Dengan pembelajaran kelompok, siswa akan merasa bertanggung jawab untuk melakukan yang terbaik. Model pembelajaran kooperatif tidak hanya unggul dalam membantu siswa untuk memahami konsep-konsep, tetapi juga membantu siswa menumbuhkan kemampuan kerja sama, berfikir kritis dan mengembangkan sikap sosial siswa”.

Pangajaran maca dongéng anu lumangsung salila ieu téh kawilang monoton. Hal ieu disababkeun kurangna variasi tur ide kréatif anu dilakukeun ku guru dina nepikeun bahan pangajaran. Salah sahiji murid dititah maca dongéng, sedengkeun murid nu lianna mah ngan saukur ngaregepkeun. Ku kituna, murid téh kurang nyangkem kana pangajaran maca dongéng.

Numutkeun hasil panalungtikan anu geus aya nya éta anu judulna ”Modél Kooperatif Tipe *Jigsaw* pikeun Ningkatkeun Kamampuh Maca Carpon” (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VII A SMP Pasundan 2 Cimahi Taun Ajaran 2009-2010) nyindekkeun yén sanggeus ngagunakeun modél KTJ, kamampuh siswa dina pangajaran maca carpon téh ngaronjat.

Dumasar kana hal-hal anu geus dipedar di luhur panalungtik ngarasa perlu nalungtik deui ngeunaan pangajaran maca dongéng ngagunakeun modél KTJ, judul ieu panalungtikan tèh nya éta ”Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *jigsaw* pikeun

Ngaronjatkeun Kaparigelan Maca Dongéng” (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012).

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina prosés diajar-ngajar mikabutuh ayana modél pangajaran anu digunakeun. Hal éta dilakukeun sangkan prosés diajar-ngajar téh lumangsung kalawan hadé. Salah sahiji modél pangajaran anu bisa digunakeun dina kaparigelan maca nya éta modél pangajaran KTJ. Modél pangajaran KTJ mangrupa modél pangajaran kelompok anu miboga tujuan sangkan siswa leuwih aktif dina nyangkem bahan pangajaran.

Modél pangajaran KTJ bisa digunakeun dina pangajaran maca hususna maca dongéng. Jadi, dina ieu panalungtikan baris diwatesanan. Hal ieu dilakukeun dumasar kana panalungtikan anu bakal dilaksanakeun ku sim kuring. Masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta medar ngeunaan modél kooperatif tipe *jigsaw* pikeun ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, aya sababaraha hal anu baris dipedar ngeunaan rumusan masalah dina ieu panalungtikan. Hal ieu dilakukeun sangkan eusi panalungtikan leuwih museur kana objék anu baris ditalungtik. Ieu di handap dipedar sababaraha rumusan masalah dina wangun patalékan.

- 1) Kumaha prak-prakkanana ngajarkeun maca dongéng ngagunakeun modél KTJ ka siswa kelas VII A SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012?
- 2) Naha modél KTJ bisa ngaronjatkeun hasil diajar maca dongéng siswa kelas VII A SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012?
- 3) Naha modél KTJ bisa nyiptakeun suasana anu aktif, kréatif, éféktif, jeung *menyenangkan* (PAKEM) pikeun siswa kelas VII A SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun medar ngeunaan modél pangajaran kooperatif tipe *jigsaw* pikeun ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) Kumaha prak-prakkanana ngajarkeun maca dongéng ngagunakeun modél KTJ ka siswa kelas VII A SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.
- 2) Kumaha modél KTJ bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa kelas VII A SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.
- 3) Kumaha modél KTJ bisa nyiptakeun suasana anu aktif, kréatif, éféktif, jeung *menyenangkan* (PAKEM) pikeun siswa kelas VII A SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga sababaraha mangpaat nya éta mangpaat tioritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis nya éta pikeun nyiptakeun suasana diajar-ngajar anu aktif, kréatif, éféktif jeung *menyenangkan* (PAKEM) sarta nambahan pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaran.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Dina ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat praktis nya éta:

- 1) Siswa, mangpaatna nya éta sangkan siswa leuwih aktif dina prosés diajar-ngajar sarta nambahan élmu pangaweruh ngeunaan pangajaran dongéng.
- 2) Guru, ku ayana modél KTJ dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas diajar-ngajar boh dina pangajaran ngadongéng boh dina pangajaran nu séjénna.
- 3) Sakola, bisa dijadikeun salah sahiji asupan pikeun sakola, lantaran modél KTJ téh kawilang anyar kénéh dina prosés diajar-ngajar
- 4) Panalungtik, mangpaatna nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaran tur bisa ngagunakeun modél KTJ nalika ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar kalawan hadé.

1.5 Asumsi

Asumsi dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) Modél Kooperatif Tipe *Jigsaw* mangrupa modél pangajaran kelompok.
- 2) Modél Kooperatif Tipe *Jigsaw* bisa digunakeun dina pangajaran maca, nulis, nyarita jeung ngaregepkeun.
- 3) Modél Kooperatif Tipe *Jigsaw* mangrupa modél pangajaran anu kawilang anyar dina nyiptakeun suasana diajar-ngajar anu aktif, kreatif, éféktif, jeung *menyenangkan* (PAKEM).

1.6 Hipotésis Tindakan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode PTK, ku kituna hipotésis anu digunakeunana ogé nya éta hipotésis tindakan. Numutkeun Sanjaya (2007:72) yén anu dimaksud hipotésis téh nya éta jawaban samentara dina panalungtikan anu rék dilakukeun atawa diuji bener henteuna kucara ngumpulkeun jeung ngaanalisis data.

Hipotésis tindakanana nya éta modél pangajaran kooperatif tipe *jigsaw* dina pangajaran maca bisa ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng siswa kelas VII A SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012.

1.7 Métode Panalungtikan

Panalungtikan ieu mangrupa panalungtikan tindakan kelas (PTK), anu miboga tujuan pikeun ngaréngsékeun sababaraha pasualan anu nyata tur praktis dina

ngaronjatkeun kualitas pangajaran di kelas anu dilakukeun langsung dina interaksi antara guru jeung siswa nalika ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar.

PTK nyaéta panalungtikan tindakan (*action reseach*) anu dilakukeun di kelas lantaran miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun kualitas prakték pangajaran. PTK museur kana kelas atawa kana prosés diajar-ngajar anu lumangsung di kelas, lain kana *input* kelas (silabus, matéri, jsb) atawa *output* (hasil diajar). PTK kudu museur kana hal-hal anu lumangsung di jero kelas. Numutkeun McNiff (1992:1) dina buku anu judulna *Action Research Principles and Practice* nétélakeun yén PTK salaku bentuk panalungtikan réfléktif anu dilakukeun pendidik ngeunaan kurikulum, ngamekarkeun sakola, ngaronjatkeun préstasi diajar, ngamekarkeun kaparigelan ngajar, jsb.

Ku kituna, panalungtikan anu dilakukeun ieu nya éta panalungtikan tindakan kelas nu ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *jigsaw* dina pangajaran maca dongéng, nu ngawengku sababaraha hal saperti: matéri ajar, rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP), lembar kerja siswa, lembar obsérvasi guru, jeung instrumén lembar tés. Hal éta dilakukeun sangkan prosés diajar-ngajar bisa lumangsung kalawan hadé.